Kurarama Nenzira Inofadza Mwari (Chikamu 3)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 12 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* rinowanika pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ongororawo kuti Bhaibheri rinodzidzisei, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.

KUEDZA KUFADZA MWARI KUNE ZVAKUNOBATSIRA HERE?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Nei vamwe vanhu vangati hakuna zvakunobatsira?

Nei vamwe vangati kune zvakunobatsira?

Ko *iwe* unoti kudii?

Nei uchidaro?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 ONGORORA ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

Zvatinonzi naJehovha tiite zvinobatsira uye hazvina kuoma.
(Ona ndima 17-19 dzechitsauko 12 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga Isaya 48:17, 18.
Tinobatsirwa sei nezvatinonzi naJehovha tiite?

Verenga Dheuteronomio 30:11-14 naPisarema 103:14.
Mavhesi aya anoratidza sei kuti Jehovha haambotikumbiri kuita zvakawanda kupfuura zvatinogona kuita?

Kufanana nekubvisa kwatinoita hembe dzakasviba tichipfeka dzakachena, tinofanira kukatanura unhu hwekare, topfeka unhu hutsva

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Tinofanira kuedza nepatinogona napo kuti tirarame nenzira inofadza Mwari.

(Ona ndima 20-22 dzechitsauko 12 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga VaRoma 12:9.

Nei munhu asingafaniri kungogumira pakurega kuita zvinhu zvinovengwa naMwari?

Verenga VaKorose 3:9, 10.

Kunze kwekungosiya "unhu hwekare," chii chimwezve chatinofanira kuita kuti tifadze Mwari?

Wakabatsirwa sei nekupfeka "unhu hutsva"?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Hazviiti kuti uchinje unhu hwako.

UNGANGOMUTI . . .

Vanhu vakawanda vangangobvumirana nemashoko iwayo. Asi ini handidaviri izvozvo nekuti . . .

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Mitemo yaMwari inozonyanyawo kutiomesera.

UNGANGOMUTI . . .

Ichokwadi kuti Mwari akatipa mitemo panyaya yekuzvibata kwatinofanira kuita. Asi ini ndinodavira kuti mitemo yacho inototibatsira nekuti. . .

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania